

Zanmi Jaden Yo !



Gèp se zanmi jaden w lan !

Kisa gèp ye?

- Gèp yo se ti ensèk ki gen zèl e ki sanble ak myèl, men yo pa fè siwo.
- Yo se predatè natirèl ki viv nan lanati e ki ede n pwoteje plant nou yo kont move ensèk.
- Gen gèp ki viv pou kont yo, gen lòt ki viv an gwoup e bati ti nich anba fèy, nan branch, oswa nan ti twou tè ak bwa.

Ki jan yo ede jaden an?

Gèp yo manje oswa mete ze yo sou move ensèk tankou:

- Cheni ki manje fèy legim,
- Papiyon ak mouch ki atake rekòt,
- Piswon ak lòt ti ensèk ki souse sèv plant.
-

Lè gèp yo ap chase move ensèk sa yo, yo ede diminye kantite yo, konsa plant yo ka grandi pi byen.

👉 Sa vle di mwens bezwen pou pwodui chimik e plis rekòt pwòp ak an sante!



Kijan pou ankouraje prezans gèp yo?

1. Redwi pwodui chimik.

Insektisid pa chwazi ! Yo touye move ensèk ak bon ensèk tou. Itilize yo sèlman lè sa nesesè, epi chwazi pwodui ki pi natirèl.

2. Kite flè nan jaden an.

Gèp yo bezwen néktar pou yo viv. Kite kèk flè tankou basilique, marigold, zèb ki santi bon, oswa flè lokal akote jaden an.

3. Kreye ti abita natirèl.

Kite kèk branch sèch, wòch, pay, oswa ti bwat vid anba pyebwa. Gèp yo sèvi ak espas sa yo pou fè nich yo.

4. Pa boule tout rès rekòt yo.

Rès plant ak pay yo ka sèvi kòm kay pou gèp. Si w boule tout, ou detwi kote yo ap viv.

5. Ankouraje divèsite plant.

Plante plizyè kalite rekòt ansanm. Yon jaden divès atire plis ensèk “zanmi” tankou gèp, myèl, ak koksinièl.

“Yo pa detwi, yo pwoteje !”



American University of the Caribbean
Les Cayes, Haiti WI

Inite Proteksyon Plant
Reuben B. Jean Louis
Oktob 2025